

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, jeung analisis data ngeunaan modél *explicit intruction* dina pangajaran maca carpon, bisa dicindekkeun yén:

Kamampuh maca carpon siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya Karawang saméméh ngagunakeun modél *explicit intruction* téh can mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata nilaina nya éta 56,1. Aya tilu aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta penjiwaan, rata-rata skorna 2,1, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu kadua nya éta lafal, rata-rata skorna 2,1, ieu kaasup kana katégori kurang; aspék nu katilu nya éta intonasi, rata-rata skorna 2,4, ieu kaasup kana katégori kurang.

Kamampuh maca carpon siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya Karawang sabada ngagunakeun modél *Explicit interuction* téh mampuh. Ieu hal bisa katiten tina rata-rata nilaina nya éta 77,1. Aya tilu aspék nu dipeunteun, nya éta: aspék nu kahiji nya éta penjiwaan, rata-rata skorna 2,6, ieu kaasup kana katégori cukup hadé; aspék nu kadua nya éta lafal, rata-rata skorna 3,2, ieu kaasup kana katégori cukup hadé; aspék nu katilu nya éta intonasi, rata-rata skorna 3,2, ieu kaasup kana katégori cukup hadé.

Aya ngaronjatna kamampuh maca carpon siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya Karawang antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit intruction*. Rata-rata pratés 56,1 ngaronjat jadi 77,1 dina postés. aspék nu kahiji nya éta penjiwaan, rata-rata skorna 2,1 ngaronjat jadi 2,6; aspék nu kadua nya éta lafal, rata-rata skorna 2,1, ngaronjat jadi 3,2; aspék nu katilu nya éta intonasi, rata-rata skorna 2,4, ngaronjat jadi 3,2.

Aya béda anu katitén dina ngaronjatna kamampuh maca carpon siswa antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Explicit intruction*. Ieu dibuktikeun dina uji hipotésis. Dumasar kana hasil data yén $t_{itung} (10,74) > t_{tabel} (2,42)$, hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hartina modél *Explicit intruction* bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carpon tina aspék penjiwaan, lafal, intonasi.

5.2 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan maca carita pondok ngagunakeun modél *explicit intruction* di siswa kelas X TKJ-1 SMK Negeri 1 Tirtajaya Karawang taun ajaran 2014/2015, aya sababaraha hal anu baris ditepikeun, diantarana nya éta:

1) Guru

Modél *explicit intruction* anu kabukti éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok, bisa dijadikeun salasahji alternatif pikeun guru dina pangajaran séjéna;

2) Siswa

Pikeun siswa anu diajar maca carita pondok, dipiharep bisa ngamaksimalkeun kamampuh macana sangkan leuwih bisa neuleuman eusi jeung manfaat tina carita pondok;

3) Panalungtik

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun dijadikeun bahan tinimbang panalungtik-panalungtik séjéna jeung bisa ngawewegan panalungtikan saterusna dina widang pangajaran maca hususna maca carita pondok.